

Pou Piblikasyon Imedya: 13/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON DIREKTÈ BIDJÈ A ROBERT MUJICA FÈ SOU MTA

“Pandan ke nou ap kòmanse Nouvèl Ane a, men yon sigjesyon: an nou retounen nan analiz ki baze sou reyalite. Dyalòg politik nan Washington, D.C. te degrade nan politik apati mesaj tèks yo. New York ta dwe montre pi bon egzanp pase sa. An nou gen yon diskisyon ki gen fondman pou kòmanse ak MTA a. Epi an nou gen yon diskisyon sensè, veridik. Sitiyasyon resan an ak tinèl Tren L lan se yon pwèn antre opòten.

Dènye rapò ki te fèt pa “Gwoup Travay Konseye sou Dirabilite Transpò Metwopolitèn” (Metropolitan Transportation Sustainability Advisory Workgroup) nan ki te prezide pa Kathy Wylde epi ki konpoze pa tout branch ki nan gouvènman eta a ki te soti nan dat 18 Desanm 2018 lan di esansyèlman menm bagay ak rapò twa dekad pase yo. Pa gen plas ankò sou okenn etajè liv moun pou tout rapò MTA yo - sa ki se yon siy klè ke li lè pou nou poze aksyon.

Rapò a mete aksan sou de pwèn prensipal. Premyèman, ke MTA a bezwen yon seri revni ki dedike a li. Rapò a kòrèk sou nesèsite finansman ki fyab yo, epi se vre tou ke nou bezwen redwi anbouteyaj yo nan distrik biznis santral Manhattan lan. Sèl opsyon vyab la, jan ke rapò a te konkli, se mete tarif sou anbouteyaj yo. Politisyen ki prezante lòt opsyon yo jis ap fè politik.

Si yo pa adopte tarif sou anbouteyaj yo nan sesyon lejislatif sa a, delabreman sistèm nan pandan plizyè dekad ki sot pase yo pral kontinye. Kò Lejislatif lan ta dwe aji yon fason responsab epi adopte li.

Gouvènè a ap pwopoze yo mete tarif sou anbouteyaj yo epi pou Vil New York ak Eta New York separe nenpòt mank finansman 50/50. Jan ke Daily News te mansyone jodi a, Vil lan posede resous transpò yo epi “li responsab pou tout depans kapital yo”. Yon pataj egal ego plis ke jenere. Se tou sa ke Kò Lejislatif Eta a te adopte ane pase pou ka finans Plan Aksyon Metwo a.

Dezyèm pwèn an - epi youn ke chak rapò ki te soti sou dosye sa a te konkli - se ke MTA disfonksyonèl epi bezwen reyòganizasyon. Yo te mete MTA a sou pye nan ane 1960 yo, esansyèlman kòm yon antrepriz ki ap gen kat sòdivizyon: Metro North, LIRR, NYCTA, ak TBTA. Chak sòdivizyon se pwòp fyèl li ak biwo separe yo pou divizyon jiridik, apwovizyonman, resous imèn, ak enjenyeri yo. Genyen disfonksyonman ranpan ak ti responsabilite. Fondamantalman, pèsòn pa “an chaj” finalman. “Komite” ki nonmen an pa yon antite ki responsab sou plan politik. Chak pwoblèm sanble abouti a yon egzèsis kote youn ap lonje dwèt sou lòt.

Kilès ki ta dwe responsab poutèt yo pa verifye tout altènatif ki posib yo pou tinèl tren L lan? Chak manm Komite a, Andy Byford, ki se chèf pwofesyonèl teknik NYCTA, Majistra de Blasio, ki te apwouve plan an nan bidjè Kapital la epi ke Komisè DOT ak Manm Komite MTA li an te ap jere plan fèmti an, Gouvènè Cuomo ki te nonmen prezidan an ansanm ak 5 lòt manm komite yo? Pòt Pawòl Asanble a Carl Heastie ki te apwouve Plan Kapital lan? Senatè Flanagan ki te apwouve Plan Kapital lan? Repons lan se yo tout. Men lè repons lan se “yo tout” repons lan vin tounen “pèsòn”. Règ jesyon bazik Gouvènè Cuomo a se ke yon sèl moun dwe an chaj.

Pwoblèm kontwòl MTA a te ogmante yon nivo agasan men, malgre tout rapò yo, yo poko konprann reyalite yo. Deba politik sanble gen ti tolerans pou detay politik yo. Kidonk anvan nou anbake sou yon nouvèl sesyon lejislatif, an nou yon fwa pou tout dakò sou reyalite yo epi apre kite chak moun bay pwòp “opinyon” yo - pou parafraze gwo Senatè Moynihan ki mouri an.

MTA a gen yon Komite ki gen 17 manm: Gouvènè a chwazi sis manm ak youn kòm Prezidan, Prezidan an gen yon sèl vòt; Majistra a chwazi kat; epi Chèf Egzekitif Konte yo chwazi sèt manm ki gen yon total kat vòt.

Direksyon gouvènans ak politik prensipal MTA a li - kòm abitud - etabli apati apwobasyon bidjè kapital la. Laplipa “sous ki enfòm yo” kwè ke Komite MTA a adopte bidjè a. Sa pa vre sou plan teknik. Komite a adopte yon bidjè kapital ki vin apre sa sijè a yon vòt kont inilateral san presedan pa omwen kat moun. Gouvènè a ka vote kont, Pòt Pawòl Carl Heastie ka vote kont, Lidè Sena a ka vote kont, epi Majistra Vil New York lan ka vote kont bidjè metwo a. Chema sa a pa egziste nan okenn lòt antite nan gouvènman an. Vòt kont yo an ka pa baze sou anyen. Li pa nesèsè pou yo rasyonèl, epi li ka piman politik. Pou nenpòt moun ki panse “fè sosis” nan Albany se yon pwosesis ki difisil, yo ta dwe wè pwosesis bidjè MTA a si yo reyèlman vle choke.

Sa ki agrave mank responsabilite sa a ak pwosesis ki politize anpil sa a se yon depandans eksesif sou yon ti kantite antrepriz ki gen relasyon inapwopriye alontèm ak MTA a. Gouvènè a te rele gwoup eskizif antrepriz ak machann yo pou MTA a “blòk endistriyèl transpò a.” Gen ti konpetisyon oswa inovasyon piti. Deviz biwokrasi an “nou te toujou fè'l konsa” li toujou la epi li byen nan MTA a.

Sou plan operasyon, genyen diplikasyon nan efò ki ap fèt nan soudivizyon yo ak fonksyon sèvis apwi yo. Genyen divès depatman lapolis ak depatman ponpye ki ap egzèsè jiridiksyon sou “jesyon ensidan,” ki ap pèmèt yo kontwole arè ak depa tren yo sou otorite MTA yo. Sa gen yon efè dramatik sou sèvis yo. Sa tou diplikatif pou Lapolis MTA a, ki se yon fòs lapolis konplè ki gen jiridiksyon konkiran global. Genyen 32 sendika ki reprezante anplwaye MTA yo ki egzèsè pouvwa politik konsiderab sou otorite ki eli yo ki nonmen komite 17 manm lan ak 4 politisyen ki gen vòt kont inilateral. Si youn nan sendika sa yo opoze a yon aksyon, adopsyon an vin difisil anpil onivo Komite a epi li enpwobab pou li siviv pwosesis vòt kont lan. Pou ajoute sou oòganizasyon ki deja biza sa a, tout anplwaye metwo yo anboche atravè Sistèm Sèvis Sivil Vil New York lan epi Vil New York posede tout tren ak estasyon metwo yo!

Kòman sa fè posib? MTA te espesifikman elabore pou iminize nenpòt grenn otorite politik kont responsabilite ak randman kont. Motivasyon prensipal lan se te pou pwoteje otorite politik yo kont responsabilite pou ogmantasyon tarif ak move operasyon yo. Estrikti konplike, melanje an te fè sa -- odetriman vwayajè yo.

Jan ke Gouvènè a te di, epi repite nan sesyon lejislatif sa a, si Kò Lejislatif lan bay Gouvènè a otorite, li ta pral aksepte responsabilite a. Men li ta pral sèlman pran responsabilite ak otorite. Otorite egzekitif bazik ta pral yon majorite moun ki nonmen nan Komite a yo, okenn vòt kont inilateral endepandan sou bidjè a pa lòt otorite ki eli yo, ak otorite pou fè anbochaj/revokasyon ak otorite òganizasyonèl. Anyen pa te ka pi rezonab, epi okenn chèf egzekitif kredib ta pral mande mwens ke sa.

Okenn lòt Gouvènè oswa Majistra pa te janm vle aksepte responsabilite. Istwa montre ke laplipa nan yo travay pou refize koneksyon ak MTA ansanm. Gouvènè a pral leve kanpe, menm sa pa nan pwòp pi bon enterè li sou plan politik.

Men Gouvènè a pa pral reprezante devan popilasyon eta a ke li responsab pou MTA pandan ke li pa responsab pou li.

Kesyon reyèl lan se poukisa Kò Lejislatif lan pa pral bay Gouvènè a otorite si, jan politisyen yo vle deklare li, li deja genyen li. Sa se yon kesyon ki revele ipokrizi sitiyoasyon sa a.

Pandan ywit ane li yo, kantite akonplisman rekò Gouvènè Cuomo a li irefitab, epi li pa te janm refize aksepte responsabilite, men pito opoze a. Modèl gouvènans li an te pou vin rezoud pwoblèm ki ap dire depi lontan yo. Li pa gen pwoblèm pou siyen non li sou liy ki an pwentiye an.

Li te asime responsabilite li pou saga 20 ane Estasyon Tren Moynihan lan. Li te pran responsabilite pou tout bagay nan New York ke Otorite Pòtyè yo ap fè menm si Komite a divize yon fason egal ego ant de eta epi te yon kochma operasyonèl. Menm jan an, li te pran responsabilite pou Ayewopò LaGuardia, Pon Tappan Zee an, Pon Kosciuszko a, gichè peyaj elektwonik, tantativ pandan 30 an pou konstwi wout doub ak twazyèm wout Long Island Rail Road lan, rekonstwiksyon ayewopò nan rejyon Nò yo, rekonstwiksyon Tinèl Queens Midtown lan ak Tinèl Brooklyn Battery ak rekonstwiksyon apre chak dezans natirèl yo. Li te asime tou responsabilite pou pwojè MTA espesifik yo kote yo te bay li kontwòl, tankou Metwo Second Avenue an, ki te yon delabreman depi plizyè dekad, epi youn ke li te travay sou li chak jou pandan de ane pou ka korije li. Nan pwojè espesifik sa yo, li te gen kapasite pou kontwole pwosesis lan paske, franchman, pa te gen okenn otorite ki eli ki te vle gen anyen pou wè ak yo.

Pou pi kout, Kò Lejislatif lan ta dwe adopte tarif sou anbouteyaj yo epi egzije Vil lan ak Eta a pou yo pataje nenpòt mank finansman epi tou bay Gouvènè a responsabilite operasyonèl.

Provizwaman, Gouvènè Cuomo pral travay di anpil pou ka adopte tarif sou anbouteyaj yo ak yon plan reyòganizasyon pou MTA a. Li pral fè tout sa ki posib ak otorite li

genyen, epi li rete pare pou vin asiste nan nenpòt pwojè MTA ki espesifik ki mande entèvansyon pou ki yo te bay li otorite. Men refòm reyèl lan pa pral fèt jiskaske yo etabli yon sistèm finansman ki dedike, epi ke yo aliye responsabilite estrikti ak jesyon gouvènans yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)